

Anplis azil, aplikan yo ka aplike tou pou lòt fòm sekou.

Sispansyon Ekspilsyon

Yon dezyèm fòm pwoteksyon imigrasyon bay moun k ap sove pou pèsekisyon. Se sèlman yon jij imigrasyon ki ka bay avantaj sa a. Ou bezwen montre w te sibi pèsekisyon oswa ou an danje pou w sibi pèsekisyon. Men, estanda Sispansyon an wo anpil - ou dwe montre "gen plis chans pase pa genyen" ou pral sibi pèsekisyon.

Pwoteksyon anba Konvansyon kont tòti ("CAT")

Yon twazyèm kalite pwoteksyon yon moun ki pè pèsekisyon ka chèche. Menm jan ak Sispansyon Ekspilsyon, se sèlman yon Jij Imigrasyon ki ka bay li. Ou dwe montre ke "gen plis chans pase pa genyen" (51% chans) ou pral sibi tòti si yo voye w tounen nan peyi ou. Tòti vle di sibi entansyonèlman yon "fòm pinisyon ekstrèm, mechan ak inimen" ki "dwe lakòz gwo doulè [fizik oswa mantal] oswa soufrans" akòz yon ofisyèl piblik [gouvènman an] oswa avèk konsantman gouvènman an. Konsantman vle di gouvènman an okouran men li pa fè anyen pou sa.

Azil	Sispansyon Ekspilsyon	Pwoteksyon CAT
Diskresyonè	Pa-diskresyonè (egzanpsyon obligatwa si ou kalifye)	Pa-diskresyonè (egzanpsyon obligatwa si ou kalifye)
Dat limit yon ane pou aplike	Pa gen dat limit pou aplike	Pa gen dat limit pou aplike
Obstak pou sekou	Obstak pou sekou	Sispansyon: Obstak pou sekou Ranvwa: pa gen obstak pou sekou
1 chans sou 10 pou pèsekisyon	Menas pou lavi/libète "gen plis chans pase pa genyen" (51%)	Menas pou lavi/libète "gen plis chans pase pa genyen" (51%)
Koneksyon nan tè pwoteje obligatwa	Koneksyon nan tè pwoteje obligatwa	Koneksyon nan tè pwoteje obligatwa
Si li apwouve: <ul style="list-style-type: none"> • Pèmi travay • Kat vèt • Ka aplike pou fanmi • Yo pa ka retire li 	Si li apwouve: <ul style="list-style-type: none"> • Pèmi travay selman • Pa ka vwayaje deyò Etazini • Pa ka aplike pou fanmi • Pa ka ekspilse nan yon twazyèm peyi • Ka jwenn arestasyon si li se on danje pou kominote a • Ka elijib pou benefis piblik yo 	Si li apwouve: <ul style="list-style-type: none"> • Pèmi travay selman • Pa ka vwayaje deyò Etazini • Pa ka aplike pou fanmi • Pa ka ekspilse nan yon twazyèm peyi • Ka jwenn arestasyon si li se on danje pou kominote a

Patisipe nan rankont Sipò Pou Azil Vityèl BAJI Chak De Semen ak ekip Legal BAJI a! Eskane kòd QR la oswa vin jwenn nou nan [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). EMAIL [juharah@BAJI.org](mailto:juharah@baji.org) pou dat ak lè.

